

ID Sistèm Rezo Sysco W

ID Rezo Sysco ou pèmèt ou jwenn aksè anpil sistèm enpòtan Sysco yo tankou Workday. Pou jwenn aksè nan sistèm sa yo, ou bezwen mete yon modpas, epi ou bezwen ID Rezo Sysco ou a pou fè sa.

Sysco egzije pou tout anplwaye yo renouvre modpas yo chak 90 jou. Oto-Sèvis pou Renouvre Modpas (SSPR) pèmèt ou renouvre modpas ou an kèk klik rapid nan yon kyòs, òdinatè, tablèt oswa smatfòn san ou pa bezwen rele pou èd nan Biwo Sèvis la. Gade enstriksyon yo sou fason pou konfigire modpas ou ak SSPR ki nan lòt bò bwochi a.



Pran Aksyon Jodia!

Swiv etap yo nan bwochi sa a pou jwenn ID Rezo Sysco ou ak modpas ou ki etabli.

Li se yon pati enpòtan lè ou konnen ID rezo ou pou rete konekte epi pou jwenn aksè nan sistèm yo ki enpòtan nan lavi ou nan Sysco. Tache kat badj sa a nan clip badj ou oswa kòd ou pou referans fasil.

Quinyx (*Aplikab pou anplwaye USBL yo ak anplwaye Depo ak Transpò Okanada yo*)

Quinyx ap deplwaye atravè tout òganizasyon an apre yon tan. Quinyx rann li fasil pou jwenn aksè ak gade orè ou a nan smatfòn ou, òdinatè oswa tablèt oswa nan yon kyòs nan Lokal ou a. Pa gen tcheke tablo afichaj ankò oswa resevwa tèks oswa koutfil byen ta nan mitan lannwit. Ak jis yon sèl kliké, ou pral kapab wè orè ou a. Pou tout kesyon konsènan Quinyx oswa pou chèche konnen ki lè l ap rive nan lokal ou a, pale ak manadjè w oswa HRBP.

Workday (*Aplikab pou tout anplwaye Ozetazini (U.S) yo*)

Workday se ideyal pou asosye ki toujou ap deplase. Ou ka itilize li nan òdinatè w (lakay ou oswa nan yon kyòs nan travay la) oswa yon smatfòn oswa tablèt ki gen yon aplikasyon Workday. Ou pral sèvi ak Workday pou fè mizajou nan enfòmasyon sou kontak pèsonèl ou epi pou jere sèten detay ki gen rapò ak salè, tankou depo dirèk ou. Sonje genyen sèten tranzaksyon ki gen rapò ak pewòl ki pakab fêt nan aplikasyon mobil lan; ou dwe konekte nan yon òdinatè. Go to SyscoWorkday.com epi kliké bouton koulè zoranj lan *Join Workday*, oswa telechaje aplikasyon Workday an.

Sysco To Go (*Aplikab pou tout anplwaye yo*)

Avèk Sysco To Go, ou ka konekte ak lòt asosye Sysco lè w patisipe nan kominate sou entènèt epi rantre nan konvèsasyon sou sijè ki enterese w. Li pratik—aksede li nan aplikasyon Sysco To Go a oswa sou entènèt la. Ou ka jwenn enstriksyon sou kijan pou telechaje aplikasyon an ak kijan pou jwenn aksè nan Sysco To Go nan <http://syscotogo.com/>.

Thrive (*Aplikab pou tout anplwaye yo*)

Nou pa ka tann pou ou eseye Thrive, nouvo eksperyans aprantisaj mondal nou an! Li fasil pou itilize, epi ou ka pèsonalize li baze sou enterè ou ak lang natif natal ou. Anplis, ou kapab sosyalize ak kòlèg ou yo.! Renmen, pataje oswa epengle kontni. Thrive fèt pou pèmèt anplwaye yo devlope karyè yo!

Èske Adrès Ou Kòrèk?

Èske w te remake adrès lakay ou nan dosye nan bwochi sa a? Si li pa kòrèk, sa vle di enfòmasyon pèsonalize tankou avantaj oswa enfòmasyon ki gen rapò ak taks pap kapab rive jwenn ou. Konekte sou Workday jodi a pou asire w tout enfòmasyon pèsonèl ou yo ajou.



Kòm yon anplwaye Sysco, ou gen anpil nan asyèt ou (oswa ki chaje nan palèt ou oswa nan kamyon ou). Nou rann li fasil pou w jwenn epi rete konekte avèk zouti ak resous Sysco yo. Gen kèk nan zouti ak resous sa yo ki ba ou bon jan enfòmasyon pou w rete ajou sou bagay yo k ap pase nan konpayi an, pandan genyen lòt zouti ki nesesè oswa ki pral obligatwa pou ou fè travay ou. Epi sa ki pi enpòtan, ou pral sèvi ak ID Rezo Sysco ou a pou jwenn aksè nan souch chèk pewòl ou.

¿Hablas español? Vaya a SyscoBenefits.com/SSPR instrucciones en español.




Peyizaj Dijital nou an

Nan kamyon ak depo nou yo, nou itilize aparèy pòtatif pou fè travay nou. Livrezon Patnè yo sèvi ak GPS pou fè ale retou lakay yon kliyan ak yon lòt. Kliyan yo fè kòmann ak revize fakti sou entènèt. Kòm ekipman kamyon nou yo, depo ak zouti kliyan nou yo vin pi dijital, nou rann li fasil pou ou pou jwenn aksè nan zouti ak resous Sysco enpòtan nan yon laptòp, òdinatè oswa aparèy mobil.

ID Rezo Sysco ou a kondwi sistèm prensipal Sysco yo ki ede w touche, fè mizajou nan enfòmasyon sou kontak ak pou wè orè w. Lè ou konfigire Modpas pou Self-Service Reset (SSPR), renouvèlman modpas ou fasil, konsa ou ka rete konekte, jwenn enfòmasyon ou bezwen yo epi pran aksyon lè sa nesesè.

Ou Gen Kesyon? Ou Bezwen Èd?

Si w bezwen èd ak modpas ou oswa ID Rezo Sysco ou, kontakte Biwo Sèvis Sysco nan **1-866-981-1190**. Ou ka jwenn resous adisyonèl sou SyscoBenefits.com/SSPR.



Pati 1: Renouvre Modpas Pwovizwa ou:

Sipèvizè w oswa manadjè w te ba w yon lèt ki gen ladann de (2) enfòmasyon ou bezwen pou renouvre modpas ou:

- ID Sistèm Rezo Sysco W
- Modpas tanporè w la, w ap itilize pou w konekte sèlman nan premye fwa a pou w konfigire nouvo modpas w la

Avèk enfòmasyon sa a, ou ka kòmanse. Konplete tout etap yo pou Pati 1 ak Pati 2 pral pran apeprè 20 minit, kidonk mete sou kote kèk tan. Swiv etap sa yo pou mete modpas ou epi jwenn aksè nan sistèm Sysco enpòtan yo.

1. Ale nan **Sysco.workspaceoneaccess.com** oswa eskane kòd QR ki anba a nan smatfòm ou.
2. Antre ID Sistèm Rezo Sysco w ou a epi klike sou *Next (Apre)*.
3. Nan pwochen ekran an, antre temporary password (modpas tanporè) ou (ki nan lèt yo te ba w avèk bwochi sa a) nan espas *Password (Modpas)* la.
4. Antre temporary password (modpas tanporè) ou ankò nan espas *Old Password (Ansyen Modpas)* la epi klike sou *Sign in (konekte)*. Apre sa, ou pa pral sèvi ak modpas tanporè ou ankò.
5. Nan espas *New Password (Nouvo Modpas)* la, antre yon new password (nouvo modpas):
 - Modpas yo dwe gen yon minimòm dis karaktè epi yo dwe genyen omwen twa (3) nan sa ki annapre yo: yon lèt majiskil, yon lèt miniskil, yon nimewo ak youn nan karaktè espesyal sa yo: @, %, \$ or _.
 - Ou pa kapab itilize okenn lòt karaktè espesyal.
 - Nouvo modpas pa kapab youn nan sis modpas ou te itilize anvan yo.
6. Re-antre nouvo modpas ou a nan espas *Re-type Password (Re-tape Modpas)* la.
7. Klike sou *Sign-in (Konekte)* pou chanje modpas ou. Yon fwa modpas ou a fin chanje, fèmen fenèt navigatè a.

Pou w konplete
Pati 1 sou smatfòn
ou, eskane
kòd QR sa a.



UPN / Username (Non Itilizatè) ou

Si ou pa ka sonje modpas ou epi ou bezwen renouvre li oswa si kont ou bloke pou w pa jwenn aksè, w ap itilize UPN / Non itilizatè ou an pou jwenn aksè nan kont ou. Li enprime sou badj ou pou referans fasil.

Pati 2: Enskri pou SSPR

Chak fwa ou renouvre modpas ou, yo pral mande w pou verifye ki moun ou ye pou revouvèlman modpas la ka fèt ansekirite. Pou etabli idantite w pou renouvre modpas, sa mande pou w enskri pou SSPR.

1. Ale nan Modpas Manadjè Sysco a nan <https://passwordreset.sysco.com>.
2. Chwazi opsyon *Registration (Enskripsiyon)* an.
3. Yo **gendwa** mande w pou swiv kèk lòt etap anplis:
 - Si yo mande w pou antre imèl ou a, antre ID Rezo Sysco ou ak @sysco.com ajoute ladan li. Ou pa kapab antre ID Rezo Sysco ou oswa antre yon lòt adrès imèl ki diferan. Pa egzanp, si ID Rezo Sysco ou a se Batman123, antre Batman123@sysco.com.
 - Si yo mande w pou ID itilizatè ou an, antre ID Rezo Sysco ou *san* @ Sysco a.
 - Si yo mande w pou antre modpas ou, antre novo modpas ou te kreye nan Pati 1 an.
4. Si yo **pa** mande w pou w ale nan etap adisyonèl sa yo, y ap mennen w dirèkteman nan #4.
5. Yo pral mennen w nan yon paj ki di *Security Info (Enfòmasyon sou Sekirite)*. Klike sou *+Add Method (+Ajoute Metòd)*.
6. Apati chwa tonbe-desann nan, chwazi metòd ou vle itilize lè ou bezwen renouvre modpas ou.
 - **Preferans:** Sèvi ak metòd telefòn lan paske li pi fasil. Y ap voye yon kòd sou smatfòn ou, epi w ap antre kòd sa a pou renouvre modpas ou.
 - Si w chwazi opsyon "kesyon sekirite", w ap oblige swiv etap adisyonèl epi w ap bezwen enskri pou SSPR lè w sèvi ak yon kyòs nan lokal ou a.
7. Swiv enstwiksyon yo pou etabli metòd ou.

Pou plis
enfòmasyon
sou SSPR, eskane
kòd QR sa a.



Kounye a, Ou Konekte,

Yon fwa ou fin ranpli Pati 1 (renouvre modpas ou) ak Pati 2 (anrejistre pou SSPR) ou konekte! Koulye a ou ka kòmanse jwenn aksè epi itilize zouti yo rapid ak pratik Sysco genyen pou fè li pi fasil pou ou fè travay ou, rete enfòme sou nouvèl Sysco epi jere salè ou.